

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Udagan dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun asal-muasal penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun, ngadéskripsikeun prak-prakan kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun, maluruh jeung ngadéskripsikeun unsur sémiotik anu nyangkaruk dina kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun, jeung larapan hasil panalungtikan kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII. Tiori anu dipaké pikeun medar unsur sémiotik téh nya éta tiori Peirce anu ngabagi tanda kana tilu tipe nya éta ikon (*icon*), indéks (*index*), jeung simbol (*symbol*). Métode anu digunakeun nya éta déskriptif analitis kalayan pamarekan kualitatif étnografi. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik observasi, wawancara, jeung dokumentasi. Hasil ieu panalungtikan ditélélakeun saperti ieu di handap.

Asal-muasal penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun téh dimimitian ku pangaresep Abah Jamhani kana kasenian penca silat. Abah Jamhani salaku sesepuh di Désa Cikopomayak anu ngarti tur reueus kana kasenian Sunda. Salian ti pupuhu Sanggar Pusaka Karuhun, saméméh ngadegkeun éta sanggar, Abah Jamhani aktif dina kasenian Sunda saperti Angklung Gubrag, Rebab, Karawitan, Singa Depa, jst. Ku lantaran kitu, Abah Jamhan miboga inisiatif nyieun paguron silat. Salian ti Abah Jamhani, aya hiji deui inohong anu ngadegkeun ieu sanggar, nya éta Abah Rasdi Juhroni atawa Abah Juhroni anu mangrupa putra ti Abah Jamhani. Ku inisiatif Abah Jamhani jeung Abah Juhroni anu motékar dina widang kasenian Sunda, dina taun 1956 ngalahirkeun paguron sakaligus sanggar kasenian anu di ngaranan Sanggar Pusaka Karuhun. Asal ngaran Sanggar Pusaka Karuhun téh nya éta tina impéan jeung harepan para inohong ngadegkeun ieu sanggar, nya éta sangkan kasenian Sunda, bisa tuluy di mumulé tur dimekarkeun ku generasi satuluyna, minangka pusaka ti para karuhun anu kudu diraksa jeung diriksa.

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG  
PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN  
BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Prak-prakan kasenian penca silat Sera téh dibagi kana tilu bagian, nya éta saméméh midang, waktu midang, jeung sabada midang. Saméméh midangkeun kasenian penca silat Sera, biasana sakabéh anggota natarharkeun sagala kaperluan pikeun pintonan. Ieu sanggar ogé miboga tradisi anu tara diliwat saméméh midang, nya éta natarharkeun sasajén anu eusina congcoot, bakakak hayam, endog hayam kampung, kalapa kolot, kopi pait jeung amis, entéh amis jeung tawar, ruhak batok kalapa, roko dua batang, daun kawung, seupaheun, samara, kuéh garing, jeung kembang tujuh rupa. Sanggeus sasajén ditatarharkeun satuluyna sasambat atawa didu'aan ku sesepuh Sanggar Pusaka Karuhun pikeun para karuhun, supaya pintonan bisa lumangsung kalawan lungsur langsar. Sasajén mangrupa tradisi urang Sunda nalika mintonkeun kasenian-kasenian Sunda buhun. Waktu midangkeun penca silat Sera, teu sagawayah lain langsung maén penca, tapi aya sababaraha tahapan anu kudu dilakonan ku para pamaén. Éta tahapan-tahapan téh kudu dilakonan ti mimiti nepi ka ahir, sangkan dina pintonan penca silatna bisa jéntré jeung puguh éntép seureuhna. Dina mintonkeun penca disebut ibing penca, aya sababaraha jurus penca silat di jerona. Jurus anu dipintonkeun kudu ngaruntuy ti mimiti *gerakan* dasar, jurus dasar, jurus inti nepi ka *gerakan tarung*. Sabada midangkeun kasenian penca silat Sera, anggota Sanggar Pusaka Karuhun biasana kumpul heula pikeun ngadua babarengan minangka rasa sukurna ka Pangeran, kalawan rahmat jeung ridhona pintonan kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun bisa lumangsung kalawan lungsur langsar tur suksés. Tuluy sakabéh anggota sanggar langsung mérésan deui pakakas anu digunakeun dina pintonanana.

Unsur sémiotik anu nyangkaruk dina kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun. Ieu hasil panalungtikan téh diperséntasekeun, anu hasilna nya éta ikon diwangun ku 21,4 % ngawengku 6 ikon, anu kaasup di jerona nya éta bedog, ibing silat Sera, nayaga, pamaén silat, sindén, jeung toya atawa tongkat; indéks diwangun ku 10,7 % ngawengku 3 indéks, anu kaasup di jerona nya éta *benner* atawa idéntitas penca silat Sera, sora lalaguan, jeung tempat pintonan; jeung simbol diwangun ku 67,9 % ngawengku 19 simbol, anu kaasup di jerona nya éta bakakak hayam, bako jeung daun kawung, congcoot, endog

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

**KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG  
PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN  
BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

hayam kampung, entéh amis jeung entéh tawar, goong, iket, kalapa kolot, kembang, kendang jeung kulantér, kopi amis jeung kopi pait, kuéh garing, pangsi hideung, roko, ruhak batok kalapa, samara, sasajén, seupaheun, jeung tarompét.

Kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII. Ieu dumasar kritéria milih bahan pangajaran anu hadé. Aya lima hal anu kudu dipilih pikeun nangtukeun bahan ajar, nya éta bahan pangajaran anu dipilih dumasar kana tujuan anu hayang dihontal, ayana ajén pikeun kahirupan manusa, ayana ajén pikeun warisan karuhun, aya mangpaatna pikeun ngawasa hiji paélmuan, sarta luyu jeung kabutuhan katut minat siswa. Dumasar kana kritéria bahan pangajaran di luhur, ajén-inajén anu nyangkaruk dina kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun. Kahiji, patali jeung atikan karakter, nya éta kudu miboga pamadegan anu panceg, kudu bisa nangtukeun mana laku lampah anu hadé jeung mana laku lampah anu goréng. Kadua, patalina jeung atikan masarakat, nya éta sauyunan dina wujud gawé bareng jeung sauyunan nalika rék mintonkeun éta kasenian. Katilu, patalina kasenian penca silat Sera Sanggar Pusaka Karuhun salaku kasenian rahayat nya éta sangkan siswa wanoh jeung tuluy ngamumulé ieu kasenian, ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda titinggal karuhun anu aya di wewengkon Jawa Barat.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun kahirupan sapopoé di masarakat. Boh pikeun masarakat dina umumna boh pikeun pangajaran di sakola. Lantaran kasenian penca silat Sera mangrupa hiji budaya titinggal karuhun, anu di jerona mibanda tujuan nya éta élmu jeung seni budaya penca silat jadi kasenian anu kawéntar sarta ngahasilkeun regenerasi anu micinta kana budaya, miboga fungsi jeung mangpaat saperti olahraga pikeun kaséhatan jasmani, miboga simbol saperti unsur pangwangun ieu kasenian anu miboga ma'na di jerona, jeung ajén-inajén kahirupan anu nyangkaruk di jerona saperti ajén moral anu nuduhkeun sikep jeung paripolah hadé dina kahirupan. Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pamahaman masarakat kana ma'na **Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
perpustakaan.upi.edu

anu nyangkaruk dina kasenian penca silat Sera sangkan ieu kasenian bisa tuluy di mekarkeun tur dimumulé kalawan teu ngaleungitkeun unsur-unsur anu aya di jerona.

### 5.3 Rekomendasi

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban deui informasi ngeunaan kasenian anu aya di Jawa Barat, hususna di Kabupatén Bogor sangkan ieu kasenian teu tumpur ku kaayaan jaman. Ieu panalungtikan disarankeun pikeun mahasiswa, guru, masarakat, jeung lembaga-lembaga kasenian.

- 1) Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa ngayakeun deui panalungtikan anu leuwih euyeub ngeunaan kasenian penca silat, sangkan bisa kaguar deui hal-hal séjén anu nyangkaruk dina kasenian penca silat.
- 2) Guru salaku pangajar bisa jadi alat pikeun ngamekarkeun deui kasenian tradisional Indonésia ku cara ngajarkeun ka siswa ngeunaan kasenian-kasenian tradisional. Kasenian penca silat, bisa dilarapkeun ngaliwatan bahan pangajaran maca artikel basa Sunda anu luyu jeung *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)* anu dilampirkeun.
- 3) Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sarana pikeun masarakat mikawanoh deui jeung mikareueus kana kasenian-kasenian tradisional hususna kasenian penca silat. Masarakat dipiharep bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kana kasenian anu aya di tatar Sunda.
- 4) Lembaga-lembaga kasenian dipiharep leuwih merhatikeun deui kana seni budaya anu aya di Jawa Barat. Salian ngainvéntarisir, dipiharep bisa mantuan ngawanohkeun deui ieu kasenian ka masarakat umum ku cara dipintonkeun dina unggal acara-acara anu aya patalina jeung kasenian.

**Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

*KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)